# QARAQALPAQ XALIQ QOSIQLARINDA «JÚREK» HÁM «BAWIR» KONCEPTINIŃ QOLLANILIWI

**U.Qayıpnazarova**
*Ájiniyaz atındaǵi Nókis mámleketlik pedagogikaliq institute tayanısh doktarant*

***Annotaciya:*** *Maqalada qaraqalpaq xalıq qosıqlarında «júrek» hám «bawır» konceptleriniń bildiriliwi, somatikalıq frazeologizmler haqqında túsinik, qaraqalpaq xalqınıń úrip-ádetlerinde somatizmlerdiń bildiriliwi .*
***Gilt sóz:*** *Somatizm, frazeologizm, koncept, úrip-ádet hám dástúrler.*

***Аннотация:*** *В статье рассмотрены понятия «сердце» и «печень» в ложках каракалпакского народа, раскрыта соматическая фразеология и соматизмы в обычаях каракалпакского народа.*
***Ключевое слово****: Соматизм, фразеологизм, понятие, традиция.*

***Annotation:*** *The article examines the concepts of "heart" and "liver" in the spoons of the Karakalpak people, reveals somatic phraseology and somatisms in the customs of the Karakalpak people.*
***Keyword:*** *Somatism, phraseological unit, concept, tradition.*

Qaraqalpaq folklorında qosıqlar óz aldına úlken bir janırdı quraydı. Folklordaǵı qosıqlardıń baslı ózgesheliginiń biri xalıqtıń awzında jasap, xalıqtıń kún kórisi, úrip-ádet dástúrleri, sezimleri menen bildirilip tikkeley sol xalıqtıń mádeniyatı menen baylanıslı boladı.Jánede xalıq qosıqları kórkemliligi jaǵınan, ápiwayılıǵı hám sulıwlıǵı menen ayrılıp turadı.

Qosıqlar óziniń tematikası boyınsha hár túrli bolıp keledi. Xalıq qosıqları degende, dóretiwshisi umıtılıp ketken muxabbatqa, miynetke baylanıslı qosıqlar, aqıl-násiyat, tariyxıy waqıyaǵa baylanıslı qosıqlar, terme qosıqlar, besik jırı, balalar qosıqları, háwjarlar, bet ashar, joqlawlar sıyaqlılar túsiniledi.[1;75]

Hár qanday xalıqtıń milliy mádeniyatın, qádiryatların kórsetiwde, tildiń kórkemliligin, pikirdiń tereńligin beriwde frazeologizmler belgili áhmiyetke iye.[2;30] Qaraqalpaq tilinde adamnıń dene músheleriniń atamalarına baylanıslı frazeologizmler xalıq qosıqları tiliniń leksikasında hár qıylı mánilerdi ańlatıp keledi. Máselen, júrek insanniń ómir súriwinde eń áhmiyetli múshe esaplanadı.Júrek adamnıń ishki gewdesinde jaylasqan bolıp basqa múshelerge salıstırǵanda orta bóliminde ornalasqan sol sebeplide “júrek” kópshilik jaǵdaylarda adamnıń sezimlik, ishki dunyasın, muxabbat sıyaqlı sezimlik mánilerdi bildiriwshi frazeologizmlerde tirek sóz bolıp keledi. Júrek adam múshesi, adamnıń ishki dunyası, kewil-keypiyatın, sezimlerin psixoemociyasın ańlatıwda ónimli ushrasadı.Júrek adamniń janın bildiriwde de tikkeley tulǵa.[2;63]

"Júrek" koncepti qayǵırıwdı, qıynalıwdı, qorqınısh mánisinde yamasa muhabbatınan ayrılǵan insanniń psixalogiyalıq kewil keshirmelerin bildiriw mánisinde jumsaladı.

Biziń yardıń ózge yarı bar shıǵar,

***Ishken mayı júregine batpadı***. (Qiz jigitler aytısı.16- bet.)

Mısaldaǵı ***ishken mayı júregine batpaw*** frazeologizminiń mánisi J.Eshbaevtiń "Qaraqalpaq tiliniń qısqasha frazeologiyalıq sózligi" kıtabında "júregine as batpaw" túrinde berilip, "qorqqannan yamasa nawqaslıqtan tamaq jewge meyli kelmew" mánisinde berilgen. Al Q.Paxratdinov, Q.Bekniyazovlardıń avtorlıǵındaǵı "Qaraqalpaq tiliniń frazeologizmler sózligi" kıtabında "júregine as batpaw"-qayǵırdı, qapa boldı,qorqtı mánisinde berilgen.

Opasız bolsa súygeniń,

***Júrekte daq qaldırar***.(Albom qosıqları.33- bet.)

***Júrekte daq qalıw-*** qapa bolıw, kewili qalıw, kewli jılımaw, mánilerinde qollanılǵan. Sonday-aq júrekte daq qaliw frazeologiziminiń mánisi umıtılmastay dárejede kewli qalıw, kewli suwıp ketiw, mánisinde de qollanıladı.

Ashıq bolıw qıyın eken,

***Jandıradı júrekti***.(Albom qosıqları.32-bet.)

"Júregin jandırıw" frazeologizmi J.Eshbaevtiń kıtabında "júregin órtedi" variantı túrinde berilgen bolıp, "qıynadı, azap berdi, qapa qıldı" mánilerinde berilgen.

Kóringende tuwǵan ayday jarqırap,

***Júregim biytaqat*** jayda, jeńgejan. (Jeńgejan. 21-bet )

Bıytaqat-shıdamsız, sabırsız, taqatsız sıyaqlı mánilerdi bildiredi.[3;293] Al ***júregi biytaqatlanıw*** frazeologizmi qosıq qatarlarında muhabbattan sabırsızlanıw, shıdamsızlanıw, jaysız seziniw sıyaqlı mánilerde qollanılǵan.

"Bawır" koncepti qaraqalpaq xalıq qosıqlarında jiyi qollanılǵan. Bawır koncepti birinshi náwbette "tuwısqanlıq" hám de "qanalas" mánisin beriwshi tirek sóz esaplanadı. "Bawır" bul barıq adamzatlarda bolatuǵın ótti bólip shıǵarıwshı ishki organizmdegi eń úlken bez, múshe.[3;231]

Qaraqalpaq xalqı óziniń salt-dástúrleri menen ayrıqsha kózge taslanıp turatuǵın xalıqlardan esaplanadı. Hár bir dástúrdiń ózine arnalǵan óz aldına bólek aytılatuǵın qosıqlari jánede islenetuǵın úrip-ádetleri bar. Qızdı uzatarda háwjar, sıńsıw sıyaqlı qosıqlar aytılsa.Kishekene balanıń aydarın keser aldında yamasa "súnnet" toylarında beriletuǵın pátiyalar hámmesi xalıq qosıqları qatarınan orın aladı.Bular xalqımızdıń quwanıshlı kúnlerinde jırlanatúǵın qosıqlar esaplanadı. Dana xalqımız insanlardıń tek ǵana quwanıshlı kúnlerinde ǵana dástúrge aylanıp qalǵan qosıqların jırlap qoymaǵan.

Adam balası ushın tábiyiy qubılıslardıń ishindegi eń qorqınıshlısı da seskendiretuǵın suwıǵı da ólim.[4;85]

Qaraqalpaqlar arasında qáliplesken salt-dástúrler boyınsha qaytıs bolǵan qazanı jaqınları, juwǵan-tuwısqanları "joqlaw" aytıw arqalı óziniń bawırınıń jaqsı insan bolǵanlıǵın, ishindegi barlıq dártlerin, onnan ayrılıw qıyın bolǵanlıǵın, bildirip otirǵan.

Basımda shashım joq bolday,
***Bawırımnan*** ayrılıp,
Aqlım meniń lal bolday.
Mollalar oqır teberik,
***Bawırım*** kettiń ne kórip,
Jigitlikten óte almay,
Teń qurbıń menen júre almay,
***Bawırım*** nege asıqtıń. (Joqlaw. 70-71-betler.)

Sonday-aq "bawır" koncepti tek ǵana tuwısqanlıq mánisin berip qoymastan jaqsı kóriwshilik, tatıwlıq, súyiwshilik, tuwısqanlasıw, bir-birine úyrensip qalıw sıyaqlı bir qansha mánilerde qollanıladı.

Qushaǵıńdı jayatuǵın, ***bawırına alatuǵın,***
Adamǵa tuwısqan kerek.(Jaydarı qosıqlar.59-bet.)
Qaraq kóz kiyer zerbaptı,
Kórgenniń ***bawırı qabaptı***.(Qarakóz.27-bet.)

***Bawırı qabaptı-*** qızǵanıw, ishi janıw, qıynalıw, azaplanıw, qayǵılanıw sıyaqlı bir neshe mánilerde jumsaladı.

Men hámiyshe ***bawır basqan,***
Ata-mákán awılımsań. (Ata mákán awılımsań. 62-bet.)

***Bawır basıw-*** úyreniw, úyrensip ketiw, júdá tatıwlasıw.[5;57]

Qaraqalpaq tilinde adamnıń múshe atamalarınıń qabatlasıp qallanılǵanın kóriwimiz múmkin. Somatikalıq frazeologizmler ádebiy shıǵarma tili bolsın, awizeki xalıq dóretpesi bolsın sol shıǵarmanıń obrazlılıǵın, tásirliligin, kórkemliligin támiynleytuǵın qurallardıń arasında úlken orın iyeleydi.

Qanday sulıw qara qas,
Qanday sulıw qara shash,
Bárinen de sol jaman,
***Qara júrek, bawırı tas***.(Albom qosıqları. 50-bet.)

***Qara júrek-*** miyrimsiz, jawız, zalım sıyaqlı mánilerdi bildiredi.

***Bawırı tas-*** miyrimsiz, reximsiz, qatal mánilerinde qollanılǵan. [6;108-34]

Alıp beriń arshadaǵı nabattı,
Anam ushın ***júrek-bawırım kabaptı.***(Jaydarı qosıqlar.58-bet.)

Juwmaqlap aytqanda házirgi qaraqalpaq tiliniń sózlik quramında somatikalıq frazeologizmler oǵada kóp. «Júrek|» hám «bawır» somatiziminiń ózi apiwayı xalıq tilinde jazılǵan qosıqlardıń ózinde bir neshe mánilerde qollanılǵanın kóriwimiz múmkin. Bunda adamnıń ishki keshirmeleri, psixikalıq halatları, minez-qulqındaǵı ózgeshelikleri jáne de qanday insan ekenligin tásirli etip súwretlewde keń paydalanǵan.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Қ.Мақсетов «Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери». Нөкис «Билим» 1996.
2. Бекниязов Берикбай «Қарақалпақстан қазақлары тилиндеги соматикалық фразеологизмлердиң лингвомәдений анализи» диссертация. Нөкис-202.
3. «Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиг» I том. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис-1982.
4. А.Ж.Матжанова "Қарақалпақ тилинде өлим менен байланыслы эвфемизмлер" «Ilim hám jámiyet. №1.2024
5. Ж.Ешбаев. «Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги» Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы 1985.
6. Қ.Пахратдинов, Қ.Бекниязов. «Қарақалпақ тилиниң фразеологизмлер сөзлиги» Нөкис «Qaraqalpaqstan» 2018.